# *Зæрдæхæлар уызын*

Царди-уыди паддзах. Уымæн уыд æртæ фырты. Паддзах уыд тынг тызмæг лæг. Иухатт æй бафæндыд зокъотæ бахæрын æмæ фæдзырдта йæ фырттæм:

- Мæ хъæбултæ! Чи ссара хъæды хорз зокъотæ, уымæн балæвар кæндзынæн мæ паддзахад, чи нæ сæххæст кæна паддзахы фæндон, уый тард æрцæудзæн. Бакатай кодтой æртæ æфсымæры.

Фыццаг хъæдмæ ацыд хистæр æфсымæр. Аразил - базил кодта, афæлгæст йæ алыварс, фæлæ ницы ссардта. Паддзахмæ æрбаздæхт афтид тæскъимæ.

Дыккаг бон хъæдмæ араст астæуккаг æфсымæр. Кæсы - æрдузы æрзад диссаджы рæсугъд зокъотæ. Лæппуйы цинæн нал уыд кæрон, февнæлдта зокъотæ æмбырд кæнынмæ. Байдзаг кодта йæ тæскъ æмæ хъæлдзæгæй паддзахмæ æрбаздæхт. Паддзах куы федта зокъотæ, уæд рамæсты, куыд загъта, афтæ бакодта-астæуккаг фырты асырдта, йæ зокъотæ разындысты бындзмарæнтæ.

Æрцыд кæстæр æфсымæры афон. Рацу-бацу кæны, ракæс-бакæс – иу зокъо дæр нæ ары. Ныфссастæй æрбадт бæласы бындзæфхадыл æмæ йæ сæр æруагъта. Бацыд сагъæсы, цы зæгъдзæн паддзахæн. Кæсы, æмæ йæ цуры фæзынд уызын. Дзуры уызын лæппумæ:

-	Цæуыл æнкъард кæныс, сахъ лæппу? Цæуыл у дæ катай?

Радзырдта кæстæр æфсымæр йæ тыхстдзинад. Уызынæн йе'ккой уыд хæрыны зокъотæй йедзаг. Бацин кæстæр æфсымæр. Уызын тынг фæтæригъæд кодта сахъ лæппуйæн æмæ йæм дзуры:

-	Æз дын дæттын мæ зокъотæ, фæлæ паддзахы дыргъдоны ис фæткъуытæ æмæ мын ды та ме'ккой уыдонæй байдзаг кæн.

Сразы ис лæппу. Банхъæлмæ кастысты талынгмæ, æрымбырд кодтой паддзахы дыргъдоны фæткъуытæ. Уызын балæвар кодта лæппуйæн зокъотæ, лæппу та-фæткъуытæ. Æрбахаста кæстæр æфсымæр паддзахæн зокъотæ. Паддзах тынг разы уыд йæ кæстæр фыртæй æмæ йын балæвар кодта йæ паддзахад.

